

SS.7.C.4.1

Diferansye konsèp ki ta konekte ak prensip peyi isit Ozetazini ak peyi etranje

SS.7.C.4.1 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 5: Elèv yo pral rekonèt ròl Depatman Eta Etazini nan zafè peyi etranje yo.

Se yon pati nan **Kabinè** prezidan an, **Sekretè Eta** gen yon wòl enpòtan nan gide ak pote plan prensip nasyon an bay peyi etranje. Sekretè eta, ki sèvi kòm nan tèt **Depatman Eta** a, bay prezidan an konsèy, vizite lòt nasyon yo, ak fè reyinyon ak lidè peyi etranje yo ak ofisyèl gouvènman yo. Genyen **anbasadè** yo ki reprezante Etazini nan tout mond la.

Nan reyinyon ak lidè lòt nasyon yo, Sekretè Eta a aprann plis de lòt nasyon yo. Sekretè Eta a pataje enfòmasyon enpòtan avèk prezidan pral kenbe tou de peyi yo an sekirite e kenbe lapè ak lòt peyi yo.

anbasadè – yon moun yo voye tankou chèf reprezantatif pwòp gouvènman li a nan yon lòt peyi

Depatman Eta Ozetazini - depatman federal gouvènman federal Etazini an ki fè prensip peyi etranje; li fè pati de branch gouvènman federal

kabinè - moun ke prezidan an te mete an plas pou dirije depatman ekzekitif gouvènman an epi aji tankou konseye ofisyèl prezidan an

prensip peyi etranje - yon seri desizyon yon gouvènman konsènan plizyè jan de relasyon li genyen ak lòt peyi yo

Sekretè Eta - antèt Depatman Eta Etazini; yon manm nan Kabinè Prezidan an